

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont Varisèl (Saranpyon): Sa Ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont varisèl kapab anpeche ou gen varisèl.

Varisèl, yo rele li “saranpyon,” akòz yon demanjezon sou po jeneralman k ap dire anviwon yon semèn. Li kapab lakòz fyèv, fatig, pèt apeti, ak maltèt. Li kapab bay enfeksyon sou po, nemoni, anflamasyon vesò sangan yo, anvlòp sèvo a anfle epi/oswa mwèl epinyè a, ak enfeksyon Sikilasyon san, nan zo, oswa nan jwenti. Kèk moun ki gen varisèl devlope yon gratèl sovaj sou po an yo rele “zona” (yo rele tou èpès zoster) aprè kèk ane.

Jeneralman saranpyon an pa twò grav, men li kapab grav lakay timoun ki genyen mwens pase 12 mwa, adolesan, granmoun, moun ki ansent, ak moun ki genyen yon sistèm iminitè ki afebli. Kèk moun kapab tonbe malad epi gen bezwen ale entènè lopital. Sa pa rive souvan, men gen moun saranpyon an touye yo.

Majorite moun ki pran de (2) dòz vaksen kont varisèl lan ap gen pwoteksyon pou lavi.

2. Vaksen kont Varisèl

Timoun yo genyen bezwen pran de (2) dòz vaksen kont Varisèl yo jeneralman:

- Premye dòz apati 12 jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz apati 4 jiska 6 lane

Timoun ki pi gran yo, adolesan, ak granmoun yo tou bezwen de (2) dòz vaksen kont Varisèl si w yo poko pwoteje kont lawoujòl.

Yo kapab bay vaksen kont varisèl ansanm ak lòt vaksen an menm tan. Epi tou, yon timoun ki genyen ant 12 mwa jiska 12 lane ka pran vaksen kont Varisèl lan ansanm ak MMR (lawoujòl, malmouton, ak riberyòl) nan yon sèl piki, yo konnen antanke MMRV. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont varisèl**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li **ansent** oswa panse li kapab tonbe—moun ki ansent yo pa dwe pran vaksen kont varisèl
- Li genyen yon **sistèm iminitè ki fèb**, oswa genyen yon **paran, frè, oswa sè ki genyen yon antesedan ereditè oswa pwoblèm nan sistèm iminitè jenetik**
- **L ap pran salisilat** (tankou aspirin)
- Li te resevwa **yon transfisyon san oswa lòt pwodwi abaz sanpa twò lontan**
- Li fè **tibèkiloz**
- Li te resevwa **lòt vaksen pandan kat (4) semèn ki sot pase yo la**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante ou an kapab deside pou voye vaksinasyon kont varisèl lan pou yon lòt vizit.

Moun ki pa twò malad yo, tankou ki genyen yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont varisèl lan.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

- Doule nan bra kote yo bay piki a, reyaksyon alèjik oswa gratèl kote yo bay piki a, oswa lafyèv kapab rive aprè vaksinasyon kont varisèl lan.
- Raman genyen plis reyaksyon ki grav ki parèt. Sa yo kapab lakòz nemoni, enfeksyon nan anvlòp sèvo a epi/oswa nan mwèl epinyè, oswa kriz ki souvan asosye ak lafyèv.
- Moun ki gen gwo pwoblèm sistèm iminitè yo, vaksen sa a ka lakòz yon enfeksyon ki ka menase lavi yo. Moun ki gen gwo pwoblèm sistèm iminitè pa ta dwe pran vaksen kont varisèl.

Sa posib pou yon moun ki pran vaksen an devlope yon gratèl. Si sa rive, vaksen kont varisèl lan kapab transmèt bay yon moun ki pa gen pwoteksyon. Tout moun ki gen gratèl ta dwe kanpe lwen tibebe ak moun ki gen yon sistèm iminitè ki fèb jiskaske gratèl la disparèt. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an pou jwenn plis enfòmasyon.

Gen kèk moun ki pran vaksen kont varisèl epi pran zona (èpès zoster) kèk lane pita. Fenomèn sa a rive plis souvan aprè vaksinasyon olye maladi arisèl lan.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

5. Kisa k ap pase sigenyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Vizite sitwèb CDC sou www.cdc.gov/vaccines.

Haitian Creole Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

